EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# INNOVACION TÁLIM TEXNOLOGIYALARÍŃÍŃ TÚRLERI HÁM TEORIYALÍQ TIYKARLARÍ

**Madreymova Nasiba**
Ózbekstan mámleket kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filali mádeniyat iskerligi kafedrası assistent oqıtıwshı
+99899963836353

https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10348363

ARTICLE INFO

Received: 05th December 2023
Accepted: 10th December 2023
Online: 11th December 2023

KEY WORDS

*Hám sóz dizbekleri: individual - dóretiwshilik jantasıwlar, texnologiya, innovaciya, innovaciyalıq tálim, emperik, kognitiv, evristik, kreativ, invertsion, integrativ, inklyuziv.*

ABSTRACT

*Bul maqalada innovaciyalıq tálim texnologiyaları, tálim innovaciyaları, olardıń mánisi, túrleri, teoriyalıq tiykarları, tálim processin qáliplestiriw, rawajlandırıw, jetilistiriw, pedagogikalıq texnologiyalar hám de innovaciyalıq jantasıwlardı sabaq processinde nátiyjeni ámelde qollanıw tálim-tárbiya salasında joqarı dárejelerge erisiwde tiykarǵı faktor bolıp xizmet etiwi haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen.*

Búgingi kúnde el basshısımız tárepinen kútá úlken itibar qaratılıp atırǵan tarawlardan biri bilimlendiriw tarawı bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Miromonovich Mirziyoyev 2022-jıl juwmaǵında xalqımızǵa etken bildiriw xatında 2023-jıl Insanǵa -itibar hám sapalı tálim jılı dep atadı. Bunnan kórinip turıptı, onda bilimlendiriw tarawına berilip atırǵan kútá úlken itibar bul búgingi kúndegi keleshek áwladtıń keleshegin oylaw bolıp tabıladı.

Bul tarawda baslaǵan reformalarımızdı dawam ettiriwimiz, tálim saraylarına barıp, oqıtıwshı hám tárbiyashılar menen kóbirek baylanısıp, sapanı asırıw boyınsha olar qoyǵan máselelerdi birgelikte sheshiwimiz kerek. Biz kelesi jıl Mámleket baǵdarlamasına xalqımız kótergen barlıq máselelerdi anıq sheshimleri menen kiritemiz. Bul processlerde deputat hám senatorlar, máhálle wákilleri, ziyalılar, jaslar, isbilermenler hám keń jámiyetshiligimizden aktiv bolıwın, jańadan-jańa usınıs hám baslamalar haqqında piker bildiriwlerin sorayman", — dedi mámleket basshısı.

Mámleketimiz ilimpazları tárepinen tálim-tárbiya processinde innovaciyalıq tálim texnologiyaları, olardıń mánisi, túrleri hám teoriyalıq tiykarları, oqıtıw processine innovaciyalıq tálim texnologiyaların qollanıwda jantasıwlardıń mánisi hám áhmiyeti sonıń menen birge, oqıtıw processin shólkemlestiriwde individual -dóretiwshilik jantasıwlar hám qáliplestiriwdiń basqıshları roli mazmun - mánisi ashıp berilgen.

Tálim-tárbiya procesin jáne de jetilistiriw, jańaların izlep tabıw hám olardan nátiyjeli paydalanıw máselelerine úlken itibar qaratılıp atır. Sonı da aytıp ótiw kerek, tálim sistemasında metodika ataması menen birgelikte pedagogikalıq texnologiya ataması da keń qollanıladı. Álbette bul atamalardıń uqsas hám ayrıqsha tárepleri bar. Olardıń ulıwma

uqsaslıq tárepleri sonda, hár eki termin de tálim-tárbiya jumısların ámelge asırıw procesin ańlatadı.

Usınıń menen birge metodika degende, oqıw processin shólkemlestiriw hám ótkeriw boyınsha usınıslar jıyındısı túsinilse, pedagogikalıq texnologiya degende bolsa oqıtıwshınıń kásiplik iskerligin jańalaytuǵın hám tálimde juwmaqlawshı nátiyjeni kepilleytuǵın atamalar jıyındısı retinde qaraladı. Usıdan ayqın boladı, pedagogikalıq texnologiya atamasına metodikanıń jańa, úyretiwshi menen úyreniwshiniń óz-ara sherikliktegi iskerligi dep qaraw múmkin.

"Texnologiya" termini grekshe sóz bolıp, uqıp, kórkem óner mánislerin ańlatadı. Bul termin dáslep, islep shıǵarıw salasında hám texnika rawajlanıwı menen baylanıslı halda 1870-jıllarda qollanıla baslaǵan bolıp, oǵan materiallarǵa, polufabrikatlarǵa qayta islew, olardıń quramı, qásiyetlerin, kórinisin, tayarlanıwın, qollanıw salasın ózgertiw jolları haqqındaǵı pán retinde qaralǵan.

Pedagog jumısındaǵı tabıstıń sırı tek ǵana ol qollanıp atırǵan tálim texnologiyalarında emes, al pedagog -tárbiyashi retindegi uqıbında, oqıwshı kewline jol taba alıwında kórinetuǵın boladı. Hár bir oqıtıwshı qanday texnologiyanı qollanbasın, onıń oqıwshıǵa mámilesi zárúrli áhmiyetke iye. Sebebi, hár qanday texnologiya janlı, sezimlerge bay insaniy múnasibetler, pedagogikalıq qarım-`qatnas hám uqıptıń ornın basa almaydı.

Pedagogikalıq texnologiyanıń natiyjeliligi sonnan ibarat, ol jaǵdayda túrli oqıtıwshılar derlik hár qıylı juwmaqlawshı erisiw múmkinshiligine iye boladı. Bul bolsa, barlıq oqıw orınlarına birden-bir tálim standart talabına juwap beretuǵın qánigeler tayarlaw wazıypası júkletilgen házirgi dáwirde biz Ózbekstanlı pedagoglar ushın júdá zárúrli bolıp tabıladı.

"Texnologiya"nıń pán retinde payda bolıwına - XVII ásirde, sanaat óndirisiń payda bolıwı metallurgiya, mashinasazlıq, atap aytqanda sanaat úskeneleri, paroxod, parovoz, oq atıwshı qurallardı islep shıǵarıw jedel rawajlana baslanıwı sebep boldı.

Tariyxıy dereklerge kóre, "Texnologiya" páni de áyyemgi Greciyada payda bolǵan. Bul dáwirde, ónermenttiń buyımlardı tayarlaw kórkem ónerine, ustazı basshılıǵı astında (shınıǵıwlar sebepli) óziniń umtılısı hám tábiyiy talantı arqalı jetiwin ańlatqan. Leksikalogiyalıq tárepten "innovaciya" túsinigi ingliz tilinen awdarmalanǵanda ("innovaciyalıq") "jańalıq kirgiziw" degen mánisti ańlatadı.[1]

Innovaciya - bul arnawlı bir sistemanıń ishki dúzilisin ózgertiwge qaratılǵan iskerlikten ibarat. Innovaciya tómendegishe mazmun hám túsiniklerge iye:

1) Innovaciya - texnika hám texnologiya áwladların almastırıwdı támiyinlew ushın ekonomikaǵa sarplanǵan qarjılar;

2) Ilimiy-texnika jetiskenlikleri hám aldıńǵı tájiriybelerge tiykarlanǵan texnika, texnologiya, basqarıw hám miynetti shólkemlestiriw sıyaqlı tarawlardaǵı jańalıqlar, Sonıń menen birge, olardıń túrli tarawlar hám iskerlik sheńberinde qollanılıp atır.

Innovaciyalıq tálim - bul tálim alıwshıda jańa ideya, norma, qaǵıydalardı jaratıw, ózge shaxslar tárepinen jaratılǵan aldıńǵı ideyalar, norma, qaǵıydalardı tábiyiy qabıl etiwge tiyisli

[1] Arofatxon Maxmudjon qizi //Basics of a healthy lifestyle in the educational process// Journal of Pedagogical Inventions and Practices. Vol. 9. 06-2022. 89-94 page.

sapalar, ilmiy tájriybelerdi qáliplestiriw múmkinshiligin jaratatuǵın tálimnen ibarat. Innovaciyalıq tálim processinde qollanılatuǵın texnologiyalar innovaciyalıq tálim texnologiyaları yamasa tálim innovaciyaları dep ataladı.

Tálim innovaciyaları - bul bilimlendiriw tarawı yamasa oqıw processinde ámeldegi mashqalanı jańasha jantasıw tiykarında sheshiw maqsetinde qollanılıp, aldınǵınan jaqsı nátiyjeni kepillikley alatuǵın forma, metod hám texnologiyalar bolıp tabıladı. Tálim innovaciyaları "innovaciyalıq tálim" dep da ataladı.

A. I. Prigojinning pikirine kóre, innovaciya maqsetke muwapıq túrde arnawlı bir social birlik - shólkem, xalıq, jámiyet, gruppaǵa salıstırǵanda múnasibetke jańasha jantasıw, bul múnasibetti turaqlı elementler menen bayıtıp barıw túsiniliwi kerek. Bul orında sonı ańlaw múmkin, avtordıń kóz qarasları tikkeley social múnasibetler, olarǵa salıstırǵanda innovaciyalıq jantasıw mánisin ańlatadı. Sonnan kelip shıqqan halda hár bir shaxs puqara, qánige, baslıq, xızmetker, qalaberse, túrli social múnasibetler processiniń qatnasıwshısı retinde ózine tán innovator iskerlikti quraydı.[2]

Házirde pedagogikalıq texnologiyalardıń túrli baǵdarları ámeldegi bolıp, olardan túpkiliklileri emperik, kognitiv, evristik, kreativ, invercion, integrativ, additiv, inklyuziv pedagogikalıq texnologiyalar bolıp tabıladı. Bul jónelislerdiń tiykarǵı qásiyetleri tómendegishe:

Emperik - sezim aǵzaları arqalı bilim alıw. Bul texnologiyada tiykarǵı itibar sezim aǵzalarınıń tábiyiy rawajlanǵanlıq múmkinshiliklerine tayanǵan halda bilim beriw hám olardı jáne de rawajlandırıp barıwǵa qaratıladı.

Kognitiv - átiraptaǵı álem haqqındaǵı bilimler sheńberin keńeytiw texnologiyası. Ol siyasiy gruppalaw (strukturalıq bólimlerge ajıratıp úyreniw) oylawın qáliplestiredi, biliw mútajliklerin rawajlandıradı.

Evristik –baǵdarlawshı sorawlar beriw jolı menen tálim beriw sisteması.

Shaqqanlıq, aktivlikti rawajlandırıwǵa xızmet etiwshi, oqıw -izertlew tálim metodı bolıp, optimallasqan (bir neshe variantlardan eń maqulın, sáykesin muwapıqlıǵın tańlaw ) oylawdı rawajlandıradı.

Kreativ - izertlew xarakterine iye bolıp, oqıwshılarda maqsetke baǵdarlanǵan dóretiwshilik oylawdı jedel rawajlandıradı.

Invercion - informaciyalardı túrli tárepten úyreniw, ornın almastırıw ózgesheligine iye bolıp, oylaw (pikirlew) sistemasın qáliplestiredi.

Integrativ - informaciyalardı quraytuǵın sheksiz kóp kishi bólimlerdiń óz-ara ajıralmaytuǵın baylanıslılıǵı, olardıń pútinligi, bir pútkilligi tiykarında birden-bir durıs juwmaqtı anıqlaw.

Adaptiv - informaciyalardı hám olardan paydalanıw processin úyreniw hám de úyretiw ushın qolaylastırıw, maslastırıw tiykarında kutilgan nátiyjege erisiw.

---

[2] Razzokov Bakhtiyor Khabibullaevich, Nishonov Khosilbek Jakhongir ugli //The Importance of Teaching Folk Crafts to Teachers of Technological Education in the Educational Process// Journal of Pedagogical Inventions and Practices.https://zienjournals.com. Date of Publication: 18-06-2022. 118-120 page

Inklyuziv - oqıtıwshı menen oqıwshınıń óz-ara múnasibetlerinde teńlik tiykarında tálim-tárbiya processin shólkemlestiriw.[3]

Amerikalıq psixolog E. Rodjers óz izertlewlerinde innovaciyalıq xarakterge iye social múnasibetlerdiń social -psixologiyalıq tárepleri, social múnasibetlerge jańalıq kirgiziw, bul processte qatnasıwshı adamlardıń taypaları, olardıń jańalıqqa bolǵan múnasibetleri, jańalıqtı qabıllaw, mánisin ańlawǵa bolǵan tayınlıq dárejesi hám de arnawlı bir shaxslar taypaları ortasındaǵı innovciyalıq xarakterge iye social múnasibetlerdiń klassifikaciyası máselelerin úyrengen.

Hár bir temanı bayanlawda sabaq processinde innovaciyalıq tálim texnologiyaların nátiyjeni ámelde qollanıw, sonıń menen birge innovaciyalıq tálim texnologiyasınıń mánisi, túrleri hám teoriyalıq tiykarlarına itibar qaratılıwı kerek.

Innovaciyalardıń hár qanday jańalıqtan parqı sonda, ol basqarıw hám baqlawǵa múmkinshilik beretuǵın ózgeriwsheń mexanizmge iyelewi zárúr. Tálim sistemasında yamasa oqıw iskerliginde innovaciyalardı qollanıwda sarplanǵan aqsha hám kúshten múmkinshiligi barınsha eń joqarı nátiyjeni alıw maqseti gózlenedi. Bul processten innovaciyalıq jantasıwlardı sabaq procesine nátiyjeni ámelde qollanıw tálim-tárbiya salasında joqarı dárejelerge erisiwde tiykarǵı faktor bolıp xizmet etedi.

## References:

1. Parpieva O. R, Hojikarimova G. T, Nazirova A. M //FORMATION OF STUDENT PEDAGOGICAL SKILLS BASED ON THE REQUIREMENTS OF INNOvATIvE EDUCATIONAL ENvIRONMENT// Mejdunarodnom nauchno-prakticheskom jurnale “Ekonomika i sotsium”. Vip №6 (85) 2021. 157-161 str.
2. Arofatxon Maxmudjon qızı //Basics of a healthy lifestyle ın the educational process// Journal of Pedagogical Inventions and Practices. vol. 9. 06 -2022. 89 -94 page.
3. Razzokov Bakhtiyor Khabibullaevich, Nıshanov Khosilbek Jakhongir ugli //The Importance of Teaching Folk Crafts tap Teachers of Technological Education ın the Educational Process// Journal of Pedagogical Inventions and Practices.
4. https://zienjournals. com. Date of Publication: 18-06 -2022. 118-120 page
5. Odinaxon Raxmanovna Parpiyeva, A. Ruzimatova //CREDIT-MODULE SYSTEM OF EDUCATION// O'ZBEKISTONDA FANLARARO INNOvATSIYALAR vA ILMIY TADQIQOTLAR JURNALI. 20. 08. 2022 jıl. 10 -SON. 83-87 betlar.

[3] Odinaxon Raxmanovna Parpiyeva, A.Ruzimatova //CREDIT-MODULE SYSTEM OF EDUCATION// O‘ZBEKISTONDA FANLARARO INNOVATSIYALAR VA ILMIY TADQIQOTLAR JURNALI. 20.08.2022 yil. 10-SON. 83-87 бетлар